

Dwa konsènan vi prive 101

Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS) pran konfidansyalite enfòmasyon sou oumenm ak pitit ou oserye. Konfidansyalite elèv vle di kenbe enfòmasyon pèsònèl pitit ou a, dosye akademik li, ak lòt enfòmasyon sansib an sekirite.

Antan paran oswa responsab NYCPS, ou gen dwa enpòtan ki ede pwoteje enfòmasyon pèsònèl ak enfòmasyon sou edikasyon pitit ou a.

Men nèf dwa konfidansyalite ki pi enpòtan ou genyen yo:



Dwa pou gen aksè

Ou ka revize dosye edikasyon pitit ou a, tankou nòt li, prezans li, rapò sou disiplin li ak Pwogram edikasyon endividyalize (IEP).



Dwa pou modifye dosye

Si ou kwè enfòmasyon ki nan dosye edikasyon pitit ou a pa egzak oswa li vyole konfidansyalite li, ou ka mande pou yo korije l.



Dwa pou yo pa divilge enfòmasyon

NYCPS bezwen konsantman w alekri avan yo pataje enfòmasyon pitit ou a. Gen kèk eksepsyon, tankou enfòmasyon anyè ak nan ijans sante ak sekirite.



Dwa pou sekirite enfòmasyon

Enfòmasyon pitit ou a gen pwoteksyon lè y ap voye l ak estoke l.



Dwa pou yo pa vann done ou

Yo pa ka vann oswa itilize enfòmasyon pitit ou a pou rezon komèsyal, maketing, oswa piblisite.



Dwa pou yo fè w konnen vyolasyon done

NYCPS ap notifye w si enfòmasyon pitit ou a ekspoze nan yon vyolasyon done oswa si yo pataje l avèk yon moun ki pa otorize pou resevwa li.



Dwa pou konnen sondaj elèv

Ou gen dwa chwazi si pitit ou ap patisipe nan sondaj ak egzamen ki konsène sijè sansib.



Dwa pou yo fè w konnen dwa ou genyen

Nan kòmansman chak ane lekòl, y ap notifye w sou dwa ou genyen pou vi prive dapre lwa ak règleman federal, eta, ak lokal.



Dwa pou pote plent

Ou ka depoze yon plent konsènan yon posiblite yo te itilize done pitit ou a yon move fason bay NYCPS, Depatman Edikasyon Eta Nouyòk, oswa Depatman Edikasyon Etazini.

Pou plis enfòmasyon, ale sou: schools.nyc.gov/StudentPrivacy